АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№40 (10086)
РУЗМАН
6 октябрь 2023 сон
21 РАБИГІУЛЬ-АВВАЛЬ 1445 СОН

Газета къватІибе уна моцІида жаниб 4 нухалъ
Багьа эркенаб

■ БАРКИ

**ХІурматиял мугІалимзаби!**




Баркула ракІ-ракІалъ тІолгодуниялалдаго 5-леб октябралъ кІодо гьабулеб нужер профессионалияб байрам- МугІалимасул къо. Гьаб байрам гІахьалаб буго киназего. МугІалимасул хІалтІи ккола кутакалда захІмат цІикІкІараблъун ва халкъалъе хІажатаблъун.

Учителасул хІаракаталдалъун щибаб къойил тІолго дуниялалда лъаялъул даража цІикІкІуна, гІакълу камиллъула. ГІун бачІунеб гІелалъе нужеца кьола лъай, тарбия, гьабула гІемераб хІалтІи гІумруялда жанир гьел битІараб нухде рачиналда тІад. Куцала намус –яхІ бугеллъун, рахІмугурхІел цІикІкІараллъун, ритІухълъи цІунулеллъун лъугьине.

РакІ унтун цІалдохъанасул гьабураб тІалабалъухъ, чанго соназдаса лъикІлъиялъул асарал рихьайги щивав мугІалимасда.

Баркала нужер ракІбацІцІадаб хІалтІиялъухъ. Хьулги буго нужеца кІвараб хІаракат бахъилин жакъасеб къоялъул тІалабазда рекъон хІалтІи гІуцІиялъе.

Гьарула нужее сахлъи, рекІее парахалъи, хІалтІулъ бергьенлъаби, гьабулебщиналъулъ битІккей.

**Районалъул бетІер МухІамад ХІАСАНОВ**

**Хириял районалъул мугІалимзаби!**

РакІ-ракІалъ баркула нужеда профессионалияб байрам- мугІалимасул къо!

Нужеца гІумруялда жаниб къучІ лъечІев щивниги чи гьечІо. ЖамгІияталда жаниб учителасул бугеб кІвар цІикІкІараб хІалтІиялъе кІудияб къимат кьола ва кидаго кьезеги буго. Нилъер районалъул школазда хІалтІулел руго республикаялъулго даража борхизабулел мугІалимзаби, гьезул щивав мустахІикъав вуго адабалъе ва реццалъе.

Баркала нужее ракІбацІцІадаб ва свак гьечІеб хІалтІухъ, нужеца лъимадуй рокьигун кьолеб тарбиялъухъ, гьабулеб сабуралъухъ.

Гьарула нужер щивасе щулияб сахлъи, ракълилаб гІумру, хІалтІулъ чІахІичІахІиял бергьенлъаби, малъараб босулел, нужее мутІигІал, гьунар тІокІал цІалдохъаби.

**Лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев**
**Карим БУДУНОВ**

■ АБАДИЯЛЪЕ ХУТІАРАЛ ЦІАРАЛ

## Малаев ГІумар Умалатович

**Дагьал церегІан къояз цоги кьогІаб хабар щвана районалде рагъулал лъугьа-бахъиназул майданалдаса. Хасаб рагъулаб операциялда хъулухъ тІубалев вукІарав Могьохъа 36 сон барав гІолилав Малаев ГІумар Умалатович къадаралде щун вуго 22 сентябралъ.**

**НИЖЕР БАЯН:**

*ГІумар Малаев гьавуна 1987 соналъ Тарумовский районалъул Кочубей росулъ. 2002-леб соналъ лъугІизабуна Таловка росулъ аслияб школа. Армиялъулаб хъулухъ тІубана Ростовалъул областалда.*

*ГІумар кколев вукІана МО мотострелковияб дивизиялъул старший сержант, БМПялъул расчеталъул командир.*

*Араб соналъул 21-леб сентябралдаса нахъе мобилизациялда рекъон рагъулаб хъулухъ тІубалев вукІана Украиналда унеб бугеб спецоперациялда.*



Рагъда лъагІел бан нахъисеб къоялъ Работино-Вербовое поселокалда тушбабазул гьужумалде дандечІей гьабулаго щварал ругъназ старший сержант Малаев ГІумар Умалатович къадаралде щун вуго.

Вукъана ГІумар 30-леб сентябралъ гІагараб Могьохъ росулъ.

Гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго ГІумарил хъизан-рукъалда, яцал-вацазда ва тІолабго гІагарлъиялда.

ГІумруялъул бищун гьайбатаб гІужалда нилъедаса ратІалъулел ругел гІолилал хутІила кидаго нилъер рекІелъ бахІарзаллъун. Хваразе Алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе бихьараб хІехьезе сабру кьеги Аллагьас.

**Райадминистрация**
**ва редакция**

■ ТАДБИРАЛ

# Кавказ цІуниялъе рагъулъ бергьенлъи ракІалде щвеялъе

**Араб гьатІан къоялъ, 1-себ октябралда, Гьооріб басрияб росулъ тІобитІана кІудияб тадбир. Гьеб тадбир хурхун букІана Кавказалъул рагъда бергьенлъиялъ 80 сон тІубаялде ва Россиялда гъорлъе Новороссиялъулгун Донбассалъул 4 регион цолъизабиялъул хІурматалда.**



Тадбиралда гІахьаллъана районалъул бетІер МухІамад ХІасанов, гьесул заместитель Карим Будунов, Дагъистаналъул бетІерасул кумекчи Шамиль ГІалиев, Гьоор, КъахІиб, ХІебда школазул мугІалимзаби ва «Юнармия» волонтеразул къокъабазул цІалдохъаби, районалъул идарабазул нухмалъулел ва маданияталъул хІалтІухъаби.

«ХІурматиял цІалдохъаби ва тадбиралда данделъарал! Дица баркала загьир гьабула жакъасеб тадбиралда нужер жигараб гІахьаллъиялъе. Жакъа нилъеца кІодо гьабулеб буго Кавказалъул рагъда немцазул талавурчагІи гъуралдаса 80 сон тІубай ва Россиялда гъорлъе Новороссиялъул 4 цІияб регион рачараб къо. 80 соналъ цебего гІадин жакъаги СВОялда бахІарчилъи бихьизабулеб буго нилъер районалъул гІолохъабазги. ЛъикІаб цІалиялъ, мисалияб хІалтІуца ва ВатІаналдехун рокьи букІиналъ, нилъер бергьенлъаби цІикІкІине руго» - ян абуна жиндирго кІалъаялда МухІамад ХІасановас.





Хадур кІалъазе рахъарал Шамиль ГІалиевас, ХІебда школалъул тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместитель ва тарихалъул мугІалим ГІалихан ГІалибеговас баян гьабуна гьеб тадбиралъул кІваралъул.

Тадбиралъул ахиралда гьенир гІахьаллъараз гьаадерил сиязда аскІоб тІибитІана 30х15 м роценалъул бергьенлъиялъул багІараб байрахъ.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

# МугІалимзабазе шапакъатал

**МугІалимасул байрамалде буссун 4-леб октябралъ райадминистрациялда тІобитІана школазул нухмалъулел, хІалтІулъ цебетІей бихьизабурал ва гІолохъанал мугІалимзаби ракІарараб данделъи.**



Данделъи бецин гьабуна ХІебда школалъул лъималазул церерахъиназ.

МугІалимзабазе баркиялъул кІалъаялгун цере рахъана районалъул бетІер МухІамад ХІасанов ва лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Карим Будунов. Гьез кІвар цІикІкІараб, жавабчилъи кІудияб, ракІбацІцІадаб хІалтІухъ баркала загьир гьабуна.



Исана цІалиги лъугІун районалде хІалтІизе рачІарал щуго цІияв мугІалим кІодо гьарун, насихІаталгун малъа-хъваял гьаруна лъайкьеялъул отделалъул методист ПатІимат Хизроевалъ.

(Ахир 2-леб гьум.)

■ ДАНДЕЛЪИ

# ХІалтІулъ мухІканлъи букІиналъе

**Росдал бегавулзабазул иргадулаб данделъи тІобитІана 28 сентябралъ райадминистрациялда. Данделъи нухда бачана районалъул бетІер МухІамад ХІасановас.**



Цересел гІодоркъояз тІобитІараб субботникалда гьабураб лъикІаб хІалтІухъ баркала кьуна М.ХІасановас данделъаразе. - РацІцІалъи цІуниялъе жамагІат куцай буго нилъер мурад. Гьелъ нилъеца цебеккун хІукму гьабун букІараб хІалалъ щибаб моцІрол ахирисеб рузман къоялъ субботникал гьаризе ккола росабалъ,- ин тІадкъана гьес бегавулзабазда.

Росабазулъ рихьизарурал магъалаби ва муниципалиял хъулухъчагІазул налогал ракІариялъул бицана финотделалъул нухмалъулесул ишал тІуралев ШагІбан МухІамадовас. Гьес мухІканаб баян кьуна налогазул щибаб тайпаялда бакІарулеб бугеб къадаралъул. ГІемерисезул ругел гІаммал гІунгутІабаздасан суалазе жавабал гьаруна районалъул бетІерас ва экономикияб отделалъул специалист М.ГІашикъиловас.

Хаслихъе армиялде гІолилал ритІиялъе хІалтІи гьабизе байбихьиялъул бицана районалъул бетІерасул заместителасул ишал тІуралев М.ХІажиевас. Гьес бицаралде тІадежубайги гьабун, военкоматалъул хІалтІухъан М.ГІамирхановас бичІчІизабуна призывалъул гІуж 30 соналде бахинабун букІин ва гьел саназда ругел гІолилал хІукуматалъул граница бахун къватІир ине гьукъулеб къанунги бахъун букІин.

– Призывалъул соназда вугев гІолохъанчи вачІине ккола военкоматалде учеталда лъезе, хІужжа бугони, гьелъул справкаги букІине ккола,- ян бичІчІизабуна гьес.

ЦІияб рагьараб «Каспий» абураб добровольцазул отрядалде контрактияб хъулухъ гьабизе ине рес букІиналъул бицана М.ХІасановас. Гьенир ругел ресазул бицун, гІадамазда гьоркьоб бегавулзабаз бичІчІикьеялъул хІалтІи гьабеянги тІадкъана.

Хъулухъалде хІалтІухъаби росулеб мехалъ социалияб контрактги хъван, щолеб харжалде тІаде ункъго моцІалъ 14 азарго гъурущ щвезе рес кьолеб бугин хІукуматалъин бицана ЦЗНалъул нухмалъулев Шамил Абакаровас, гьезул идараялдасан ругел бигьалъабазул ва ресазул баян кьолаго. Щибалъул тартибги цІунизе кколеб буго гІарац щвезе ккани. Гьелъ хІалтІуде лъугьине бокьарал гІадамал мухІканлъи цІехезе ЦЗНалде ани лъикІ букІина.

Гьединго данделъиялда борхана ЕГРНалъул (Единый государственный реестр недвижимости) сияхІалде нилъер районалъул ракьал росиялъул суалги. Гьелъул мухІканаб баян кьуна экономикияб отделалъул специалист М.ГІумарасхІабовас.

Данделъиялъул щибаб суалалдасан рекъонккарал хІукмаби гьаруна ва тІадкъаял кьуна районалъул бетІерас.

**ТІ. МУХІАМАДОВ**



■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТІАЯЛДА

# Предметникал-профессионалал тІатунел къецал

**28-леб сентябралъ районалъул лъайкьеялъул отделалъ тІобитІана «Лучший предметник Республики Дагестан» къецазул муниципалияб этап. Конкурс букІана математика, физика, информатика дарсазул мугІалимзабазда гьоркьоб.**



**Физикаялъул бищун лъикІав мугІалим**

ТІолго районалдаса 37 математикаялъул мугІалим, 17 физикаялъул ва 20 школалдаса информатикаялъул мугІалимзаби гІахьаллъарал къецал тІоритІана ГІасаб гьоркьохъеб школалда.

Къецазул аслияб мурадлъун букІана жидерго предметалъул лъай тІадегІанаб даражаялда бугел мугІалимзабазул профессионализм рахъ жеги цІубай, хІалтІулъ тІокІлъи бихьизабулезе квербакъизе ва гъира ккезабизе.

Къецазул муниципалияб этапалда математикаялъул мугІалимзабазда гьоркьоб бергьенлъи щвана ТІидиб гьоркьохъеб школалъул мугІалим ХІажиев МухІамад ХІажиевичасе, физикаялъул 1-себ бакІ ккуна ХІебда школалъул мугІалим Давудов Давуд МуртазагІалиевичас, информатикаялъул – Ругъелда гьоркьохъеб школалъул мугІалим ГІалиев МахІмуд ХирамухІамадович вихьизавуна бищун лъикІавлъун.

МугІалимасул къоялде райадминистрациялда гьабураб тадбиралда тІадехун рехсарал мугІалимазда муниципалияб этапалда росарал бергьенлъаби баркана районалъул бетІер МухІамад ХІасановас ва лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Карим Будуновас.

Районалда бергьенлъи босарал математика, физика ва информатика предметазул специалистал гІахьаллъизе руго республикаялъулаб этапалда.



**Математикаялъул бищун лъикІав мугІалим**



**Информатикаялъул бищун лъикІав мугІалим**

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

# МугІалимзабазе шапакъатал



**(Байбихьи 1-себ гьум.)**



Официалиял баркиялдаса хадуб хІалтІулъ церетІеял рихьизарурал махщелчагІазе районалъул лъайкьеялъул отделалъул грамотаби ва РФялъул лъайкьеялъул министерствоялъул рахъалдаса ведомствоялъулал шапакъатал кьуна данделъиялда.

«Почетный работник сферы образования Российской Федерации» абураб цІар щвана Ругъелда гьоркьохъеб школалъул мугІалим ГІалилмухІамад ГІалихІмаевасе, Ругъелда школалъул директор Мурад Къурбановасе, Гьандихъ гьоркьохъеб школалъул мугІалим Зульфия Гъазалиевалъе, КъахІиб гьоркьохъеб школалъул мугІалим ПатІимат Сапарчаевалъе, ГьентІа гьоркьохъеб школалъул мугІалим ПатІимат ШехмухІамадовалъе ва МачІада гьоркьохъеб школалъул мугІалим ХІажи ШехмухІамадовасе.

ГІемер соназулаб хІалтІухъ «За верность профессии» абураб медаль кьуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул методист ПатІимат Хизроевалъе.

«Молодость и Профессионализм» абураб медаль кьуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул методист МухІамадсагІит МухІамадовасе.

РакІбацІцІадго хІалтІи тІубаялъухъ ва лъайкьеялъулъ лъураб кІвар бугеб бутІаялъухъ РФялъул Минпросвещениялъул ХІурматалъул грамота щвана МачІада гьоркьохъеб школалъул мугІалим Манарша ХІажиевалъе ва ТІогьохъ гьоркьохъеб школалъул мугІалим ХІажимурад ИбрагьимхІажиевасе.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# МИСАЛИЯБ ГIЕЛМУЯЛЪУЛ КIАЛГIА

**Чанго соналъ цебе ХIебда школалде щварав чиясда жакъа школалъул мина бихьани, гьесда ккела доб макьу букIун бугилан. У, ле, школалъул жанисебги къватIисебги гьумер тIубанго хисун буго. Абизе бегьула цохIо къадал хутIанин гьоркь букIаралъулилан. Хисана чIабар, мокърукьбакI, жанисахун рукъзабазда лъуна плиткаги, гипсокартонги, хисана киналго нуцIби, гордал. Щибаб классалда буго бухIараб ва цIорораб лъим.**



**БАЯНАЛЪЕ:**

*Директор ЖабрагIилов ГIали ГIалиевич, 1997 соналъ ХIебда школаги лъугIун, цIализе лъугьун вуго Дагъистаналъул педуниверситеталъул историческияб факультеталде. Гьеб лъугIигун, хIалтIун вуго гIагараб Ракьуб росдал гьоркьохъеб школалда учительлъун, завучлъун, директорлъун. 2016 соналдаса нахъе хIалтIулев вуго ХIебда школалда директорлъун.*

Дун школалде щвараб мехалъ директор ватана кавуялъул кIалтIа ахирисел хIалтIаби гьарулел устарзабазе малъа-хъвай кьолев. Диргун директорасул хабарги байбихьана ремонталъулал хIалтIабазул бицун. 2016 соналдаса нахъе цониги рукъбакI течIо тIубан капиталияб ремонт гьабичIебилан бицана директорас. «2016 соналдаса нахъе райбюджеталдаса нижер школалъе биччана 11 млн.гъурущ. Баркала буго районалъул бетIер М.ХIасановасе кидагосеб лъайкьеялъул идарабаздехун бугеб бербалагьиялъухъ. 2021 соналъ районалде вачIун вукIана республикаялъул



бетIер С.Меликов. Гьесги рагIи кьун букIана кумек гьабизе. 2022 соналъ республикаялъул бюджеталдаса биччана 5 млн.гъур. Исана кIудияб корпус къачIазе республикаялдаса биччана 22млн.гъур. Жанирго гьаруна хинал туалеталги, васазе ва ясазе батIаго гардеробная, ремонт гьабуна отоплениялъе»,-ян бицана ГI.ЖабрагIиловас.

Школалъул аслияб кIиябго корпусалда цадахъго ремонт гьабун буго спортзалалъе, столоваялъе. Гьелдаса разиго вугоан директорги, коллективги. Сверун къан буго школа. Жанибе тун буго цохIо аслияб нух, гьенивги вуго охран. Директорасул разилъи букIана жаниб диргун гара-чIвари гьабулеб гьесул кабинеталдасаги. Гьенир къададаги, шкафалъурги, гьелда тIадги гIемераб бакIги ккун ругоан батIи-батIиял конкурсазда, районалъулги ва район тун къватIирги цIалдохъабазе ва мугIалимзабазе щварал кубокалги, дипломалги, хIурматалъул грамотабиги.

Школа ккола районазда ругезул бищун кIудияб. Гьенив цIалулев вуго 430 цIалдохъан, гьездаса байбихьул классазда руго 196 цIалдохъан. 80 чи цадахъ кванaзе бегьулеб столоваялдаги гьабун буго ремонт. Лъималазе щолел руго цIиял овощал, пихъ, рахьдал ва гьанал нигIматал. Ккезабун буго хIажатаб цIарагIалдалъун ва оборудованиялдалъун.

Районалъул олимпиадабазда бергьаразул тIоцебесеб кьерда буго ХIебда школа. ЦIалдохъабаз ккун буго нусгоялдасаги цIикIкIун призалъулал бакIал, гьездаса 50 тIоцебесеб бакI. Гьел гурелги батIи-батIиял конкурсазда, къецазда муниципалияб этапалда -17 бакI, регионалияб этапалда -8 бакI ва тIолгороссиялъул конкурсазда-6 бакI. Директорас рехсана учительзабазул къадарги. Школалда вуго 42 учитель, гьездаса тIадегIанаб категория буго 9 учителасул ва тIоцебесеб категория 18 чиясул. Кадрабазул рахъги квеш гьечIо школалда. Школалда вуго 4 ДРялъул мустахIикъав учитель, РФялъул лъайкьеялъул ХIурматияв хIалтIухъан -14, ДРялъул лъайкьеялъул отличник -11. ЛъикIаб гIахьаллъи бихьизабула ХIебда школалъул мугIалимзабаз профессионалиял къецаздаги. Ахирисел саназ «ЛъагIалил мугIалим» къецазда бергьенлъи босарал ккола Зайнаб АхIмадова, ПатIимат ХIажиева, Месед Ибрагьимова, гьеб конкурсалъул республикаялъул призер ккола Давуд Давудов.

Школалъул лъикIал бухьенал руго Россиялъул ва Дагъистаналъул батIи-батIиял тIадегIанал цIалул идарабазулгун. Гьел ккола Россиялъул лъайкьеялъул академиялъул стратегияб цебетIеялъул институт, Балтийский техникияб университеталъул Д.Ф.Устиновасул цIаралда бугеб "ВОЕНМЕХ". Ахириселде чангоял цIализеги лъугьана гьал саназ школа лъугIигун. Гьеб институталъул рахъалъ директорасухъе бачIараб Баркалаялъул кагъатги буго. Гьединабго баркалаялъул кагъат буго халкъазда гьоркьосеб учительзабазул Сочиялда букIараб слеталдаса бачIараб, физикаялъул мугIалим Давуд Давудовас бихьизабураб лъикIаб гIахьаллъиялъухъ. ГIемерал баркалаялъул кагътал руго районалъул лъайкьеялъул отделалдаса, райадминистрациялдаса, республикаялъул лъайкьеялъул министерствоялдаса.

Школалда хIалтIулеб буго кабинет "Точка роста". 2019 соналъ гьениб бараб кIиго цIияб кабинеталъе щвана 2600млн.гъурущалде техника (принтерал, дискал, компьютерал). Гьенив хIалтIула 9 учитель. ЦIалдохъабазул 70% лъималаз пайда босулеб буго гьеб техникаялдаса. Директорасул кабинеталда руго цIалдохъабаз компьютеразда гьарурал батIи-батIиял тIагIелал (Дагъистаналъул герб, гьитIинал вазаби ва гь.ц.). Живго директор ЖабрагIилов гIахьаллъана ТIолгороссиялъул руководителазул лъайкьеялъул "Точка роста" форумалда. Гьез кьураб сертификатги буго кабинеталда.

Районалда кинал тадбирал тIоритIулел ругониги, гьениб жигараб гIахьаллъи гьабула цIалдохъабаз ва мугIалимзабаз. Квеш гьечIо спорталъул рахъги школалда. Лъимал хьвадулел руго гугариялъул ва тхэквондоялъул секциязде спортшколалде. Гьаниб кIвар кьолеб буго футбол, шахматал гIадал хIаязе. Араб соналъ школалда футболалъул лъикIаб цебетIеялъухъ физрук М.Назирбеговасе бачIана лъайкьеялъул министр Я.Бучаевасул рахъалъ Баркалаялъул кагъат .

Школалда лъикI буго патриотикияб тарбия кьеялъул хIалтIиги. 29 сентябралда гьаниб кIодо гьабуна Новороссия нилъгун цолъиялъул къо. Школалъ битIун буго Украиналда СВОялда гIахьаллъулезе 1,5 тонна продуктабазул ва лъималаз гьарурал расанкIабазухъ, суратазухъ ярмаркаялда гьел ричун щвараб 123азарго гъурущ гIарацги. Школалда тIоритIулел руго СВОялда гIахьаллъулезулгун дандчIваял. ГIемераб хIалтIи гьабулеб буго школалда Р.ХIамзатовасул 100 сонилаб юбилеялда хурхунги. ТIоритIулел руго конкурсал, гьесул кучIдул рекIехъе ва берцинго цIали гIадал, театрализованниял церерахъинал. Школалдаса гIемер рикIкIад гьечIого буго Афгъанистаналда къанщарал лъабго районцоязе бараб памятник. Байрамкъояз гуребги гьелда сверухъ рацIцIалъи цIуниги, сверухъ тIугьдул чIун хъулухъ гьабиги гьазул кидагосеб иш буго.

ХIебда школалда гIуцIун буго «Юнармия» абураб патриотикияб къокъа. Гьезул нухмалъулев Юнус Юсуповасул цIалдохъаби кидаго рукIуна районалъул ва республикаялъул къецазулъ цересезул кьерда. ХIалтIулеб буго школалда "Движение первых" къокъаги. Школалъул лъикIаб бухьен буго лъималазул эбел-инсулгун. Гьездаги дандбан чIезабун буго хасаб ратIлил форма.

Ахиралда абичIого гIоларо 2018 соналъ республикаялда тIобитIараб конкурсалда республикаялъул 530 школазда гьоркьоб ХIебда школа бачIун буго микьабилеб бакIалде. Гьебги кIудияб бергьенлъи гьечIищха. Директорги тIолабго коллективги кIвахI тун къеркьолел руго школа лъугIулел лъимал жакъасеб тIалабалда рекъон, лъайги бажариги бугел рахъиналъе. Исанасеб ЕГЭ 22 цIалдохъанас лъикI кьун буго ва гьел киналго ВУЗазде ва СУЗаздеги цIализе рорчIун руго. Учителасул къоялда хурхун, гьеб коллективалъе сахлъиги, хIалтIулъ жеги чIахIиял бергьенлъабиги гьарун, дица къо-лъикI гьабуна захIмат хирияб школалъул коллективгун.

**Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**



■ ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# РакIалдещвеялъул ах гIуцIулеб буго

**Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб лъугьа-бахъиназул гIахьалчагIи кIодо гьариялъе ва гьенир хварал рагъухъабазул цIарал кIодо гьарун, абадиялъе цIунизе мурадалда, нилъер районалда гIуцIулеб буго «РакIалдещвеялъул ах».**



ХIебда росу лъугIулеб бакIалда, шагьра-нухалъул рагIалда 1,4га ракьул бихьизабун буго гьеб ахалъе. Арал гIодоркьояз администрациялъул ва цо-цо идарабазул хIалтIухъабиги рахъун, кIудияб субботник тIобитIана гьениб. ГIахьаллъана гьенир районалъул бетIер МухIамад ХIасановги, гьесул заместителалги, ДРялъул бетIерасул кумекчи, нилъер районцояв Шамил ГIалиевги.

Ахалъе бихьизабураб бакIалда сверун маххул сетка къан, хIубал чIван, жаниб боцIи бачIинаредухъ щула гьабуна. Экскаваторги биччан, битIизабун ракьги хIадурана. ЦIиял гъутIбиги чIун, лъикIаб ракIгъураб бакI гIуцIизе буго гьениб.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ МЧС ИНФОРМИРУЕТ

# Пожарная безопасность в больницах

Больницы, с точки зрения пожарной безопасности, являются объектами повышенной опасности. Объясняется это круглосуточным и, в большинстве случаев, массовым пребыванием людей. Причем не просто людей, а пациентов, часть из которых не способна к самостоятельному передвижению, если, например, возникнет необходимость эвакуации в случае пожара. Все это говорит о том, что важнейшим аспектом в обеспечении пожарной безопасности больницы является обучение персонала мерам пожарной безопасности.

Среди наиболее часто встречающихся нарушений, выявляемых в ходе проведения соответствующих проверок органами, осуществляющими государственный надзор в сфере пожарной безопасности, можно выделить следующие нарушения:

- объекты не оборудованы системами пожарной сигнализации и оповещения людей о пожаре или же эти системы находятся в неисправном состоянии;
- электрооборудование требует ремонта;
- не обеспечены наружным противопожарным водоснабжением;
- пожарные краны в учреждениях не укомплектованы необходимым оборудованием;
- деревянные конструкции чердачных помещений многих зданий не обработаны огнезащитным составом;
- во многих учреждениях эвакуационные пути и выходы не соответствуют требованиям безопасности;
- персонал большинства больниц не обеспечен индивидуальными средствами защиты органов дыхания;




- неисправно печное отопление (к сожалению, во многих ФАП, расположенных в отдаленных малонаселенных районах, это далеко не экзотика;
- здания не обеспечены спасательными устройствами;
- пути эвакуации (коридоры, лестничные клетки и т.д.) отделаны сгораемыми материалами.

Обеспечивается пожарная безопасность в больнице как за счет соблюдения правил пожарной безопасности при проектировании, строительстве и эксплуатации, так и за счет должного обучения персонала технике пожарной безопасности и контроля за последующим ее соблюдением этим персоналом.

**Начальник ОДН ПО 12 ГУ МЧС, ГАМЗАТОВ М.М.**

■ НАЛОГОВАЯ СЛУЖБА ИНФОРМИРУЕТ

# 1 декабря - срок уплаты физическими лицами налога




Уважаемые налогоплательщики, 1 декабря 2023 года наступают сроки уплаты гражданами физическими лицами налога на имущество физических лиц транспортного и земельного налогов за 2022 год.

Заплатить имущественные налоги (налог на имущество физ. лиц, земельный и транспортный налог) необходимо не позднее 1 декабря 2023г. уведомления будут направлены налогоплательщикам не позднее 30 рабочих дней до наступления срока платежа.

Обращаем ваше внимание, что перечень льготных категорий налогоплательщиков остался прежним. При этом льготы будут предоставляться в отношении одного объекта недвижимого имущества каждого вида, который должен быть выбран самим налогоплательщиком.

Напоминаем, что в случае неуплаты налогов в установленный срок должникам начисляются пени и применяются меры принудительного взыскания. Информацию о задолженности так же можно узнать, подключившись к интернет – сервису «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц», расположенного на сайте ФНС России (www.nalog.ru) или через Единый портал государственных услуг (www.gosuslugi.ru).

Для получения логина и пароля к сервису «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» налогоплательщику необходимо лично обратиться в любую ИФНС России независимо от места постановки на учет с документом, удостоверяющим личность, и свидетельством о постановке на учет физического лица (ИНН). С помощью данного сервиса Вы сможете контролировать свое состояние расчетов с бюджетом, а также оплачивать имущественные платежи.

МРИ ФНС России № 10 по РД призывает граждан проявить гражданскую сознательность уплатить имущественные налоги в срок и в полном объеме, поскольку поступление от уплаты указанных налогов формирует бюджет нашего района, республики и страны в целом и являются основой социального и экономического развития нашей страны, а именно содержание школ, детских садов, больниц, дорог, благоустройство парков, детских площадок и т.п.

Выражаем искреннюю надежду, что обязанность своевременно платить налоги станет нашей цивилизованной привычкой.

**Межрайонная ИФНС России № 10 по Республике Дагестан**


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухIамад ХIамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьорк.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерстволъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал-ги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталь кьимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50